


La Bib pou ti moun  
prézané



Soti nan  
pèsekisyon  
rive nan  
predikasyon



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest  
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.





Bondye te fè  
gwo bagay nan  
mitan pèp li  
a nan premye  
jou legliz li a.

Yon nonm yo te rele  
Filip t ap preche sou  
Jezi nan yon gwo vil.  
Men, Bondye te  
voye li nan dezè a.  
Poukisa ?




Bondye te konnen te genyen  
yon vwayajè nan dezè a, yon  
minis Rèn Kandas (Candace)  
nan peyi Etyopi. Li t ap  
retounen lakay li epi li t ap li  
yon liv espesyal. Èske w ka  
devine ki liv li te ye ?



Filip,  
apre  
li te fin  
obeyi Bondye,  
te kapab pwoche  
bò kote minis la ki t  
ap li Pawòl Bondye, men  
san l pa konprann li. Li te  
envite Filip pou l vin jwenn li.



"De ki moun pasaj sa a ap pale ?"  
minis la te mande Filip. Pandan cha  
a t ap woule sou wout la nan dezè  
a, Filip te louvri bouch li epi li te  
kòmanse ak yon pasaj pou l anonse  
bon nouvèl Jezi a.





Minis afriken an te  
kwè nan mesaj Bib la  
touswit, epi li te kwè Jezikris  
se Pitit Bondye. Lè li te rive  
yon kote ki genyen dlo, li di :  
"Ki sa ki anpeche m batize ?"



Filip di : "Si w kwè ak tout kè w, li posib." Lè sa a, minis la te reponn : "Mwen kwè Jezikris se Pitit Bondye." Filip te mennen li bò dlo a epi li te batize l.



Lè yo te soti nan dlo a,  
Lespri Senyè a te anlve Filip,  
epi minis la pa te wè l ankò.  
Li te retounen Etyopi ak kè  
kontan.




Men, anpil moun te rayi kretyen yo. Etyèn, youn nan zanmi Filip yo, te mouri anba men pèp la ki te fache paske yo te refize tande pale de Jezi. Yon nonm yo te rele Sòl, moun Tas (Tarse), te ede asasinen Etyèn. Sòl te rayi kretyen yo.



Sòl, ki t ap respire menas ak zak sasinay sou kreyen yo, te ale kote chèf sakrifikatè a epi li te mande l yon lèt ki pou pèmèt li arete nenpòt gason oswa fanm ki te kwè nan Jezi.






Pòv Sòl de  
Tas ! Li pa te  
konnen lè l t  
ap pèsekite  
pèp Bondye a,  
se Jezi menm  
li t ap  
pèsekite.  
Bondye t  
apral arete  
Sòl. Men,  
kijan ?



Bondye te kanpe Sòl !  
Pandan Sòl te sou  
wout pou l ale Damas,  
yon gwo limyè te soti  
nan syèl la. Sòl te  
tonbe atè epi li tande  
yon vwa.






“Ki moun ou ye, Senyè ?” Sòl te rele byen fò. “Mwen se Jezi, moun w ap pèsekite a.” Sòl t ap tranble epi li te pè anpil, li te mande : “Senyè, kisa w vle pou mwen fè ?” Senyè a di li : “Leve, antre nan vil la, epi y ap di w kisa w dwe fè.”




Mesye ki te avèk  
li yo te tande vwa  
a, men yo pa te wè  
pèsonn. Sòl te  
leve — epi li te  
jwenn li avèg ! Yo  
te mennen li  
Damas.




Nan vil la, li te rete san l  
pa wè pandan twa jou, li  
pa te ni manje ni bwè.  
Petèt li te pase tan l ap  
priye Senyè Jezi, li te  
rankontre sou wout  
Damas la.



Pou Bondye, tout bagay te planifye. Nan vil Damas, te genyen yon disip ki te rele Ananyas. Senyè a te voye l al ede Sòl. Ananyas te pè. Men, li te obeyi Bondye. Lè li te mete men l sou Sòl, li te vin wè — epi Sòl te ranpli ak Sentespri Bondye a.




Sòl te batize. Apre sa, li te manje. Epi apre li te fin manje, li te vin gen fòs. Li te bezwen fòs ; yon bagay ki te enpòtan anpil t ap tann li.



Menm lè a, Sòl t ap preche Kris la nan sinagòg yo, li t ap di li se Pitit Bondye a. Kidonk tout moun ki te tande li te etone, epi yo t ap di : "Se pa li menm ki t ap pèsekite kreyen yo ?"


Genyen kèk moun ki te fè konplo pou yo touye Sòl.





Lènmì Sòl yo t ap  
veye li nan pòtay vil  
la pou yo touye l si li  
t ap eseye kite vil la.  
Men, nouvo zanmi li  
yo, kreyen yo, te  
pran l yon jou lannuit  
epi yo te desann li  
nan yon panyen sou  
miray vil la.





Depi lè sa a, Sòl,  
pèsekite kreyen  
yo, te viv kòm yon  
disip fidèl nouvo  
Mèt li a, Senyè  
Jezikris.



Soti nan pèsekisyon rive nan predikasyon

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Travay Apot yo 8-9

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





| 58

||||| 60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :  
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'étènité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

